



BASA JAWA
TEKS TANGGAPAN DESKRIPTIF

Nama :
Kelas :

PETUNJUK (NO 1-4)
Langsung klik jawaban
sing paling bener

1. Teks sing isine nggambarake objek kanthi gamblang lan rinci diarani teks

- A. Narasi
- B. Dheskripsi
- C. Eksposisi
- D. Persuasif

Wacanen kanthi cermat teks deskriptif ing ngisor iki kanggo jawab soal no 2 – 4

Sendhangbiru iku papan wisata alam, wujudé pesisir segara sing endah banget. Sendhangbiru iku ana ing desa Sumberagung, Kecamatan Sumbermanjing. Saka Malang kurang luwih 69 km mengidul parane. Kaendahan ing Sendhangbiru iku pancen edipeni. Pesisire putih resik, sakiwa tengene alas kang wit-witane ngrembuyung ijo royo-royo. Banyune sing biru maya-maya lan ombak segara kidul saya gawe marem lan gumun. Ing sadawane pesisir, prau-prau baris jentrek-jentrek saya gawe ati marem. Prau-prau mau ora mung kanggo golek iwak, nanging uga kanggo para wisatawan sing kepengin plesiran ing satengahe segara.

Ing obyek wisata Sendhangbiru iku ana uga pulo Sempu. Pulo Sempu iki mapane ora adoh saka Sendhangbiru. Kanthi prau-prau mau, para wisatawan bisa tekan ing pulo Sempu. Satengahe segara, wisatawan bakal meruhi watu karang, iwak hias maneka warna ing dhasare samodra. Kabeh mau bisa dideleng saka sadhuwure prau.

2. Saka wacan ing nduwur, ukara sing nunjukake struktur teks deskriptif bagian idhidentifikasi yaiku.....

- A. Sendhangbiru iku ana ing desa Sumberagung, Kecamatan Sumbermanjing.
- B. Ing obyek wisata Sendhangbiru iku ana uga pulo Sempu
- C. Ing sadawane pesisir, prau-prau baris jentrek-jentrek saya gawe ati marem.
- D. para wisatawan bisa tekan ing pulo Sempu kanthi numpak prau

3. Saka wacan ing nduwur, ukara sing nunjukake struktur teks deskriptif, dheskripsi bagian yaiku.....

- A. Sendhangbiru iku ana ing desa Sumberagung, Kecamatan Sumbermanjing.
- B. Ing obyek wisata Sendhangbiru iku ana uga pulo Sempu
- C. Ing sadawane pesisir, prau-prau baris jentrek-jentrek saya gawe ati marem.
- D. para wisatawan bisa tekan ing pulo Sempu kanthi numpak prau

4. Miturut wacan ing nduwur kepriye kahananne sendhangbiru, **kajaba**.....

- A. papan wisata alam, wujud pesisir segara sing endah banget.
- B. Pesisire putih resik, sakiwa tengene alas kang wit-witane ngrembuyung ijo royo-royo
- C. ing pulo Sempu satengahe segara, wisatawan bakal meruhi watu karang, iwak hias
- D. Banyune sing butek amarga akeh sampah lan ombak segara kidul saya gawe gelane ati

5. Sing kalebu tembung kriya yaiku

6. Sing kalebu tembung panguwuh yaiku..

7. Tembung swara (u) miring tuladhane..

8. Bapak tindak menyang Malang nitih sepur. Ukara iki ngunakake basa...

9. Tembung swara (a) jejeg tuladhane..

10. Siti karo adhine nganggo klambi anyar.
saka ukara ing ndhuwur sing diarani tembung kahanan yaiku

PETUNJUK (no 5-10)
Klik tanda ▼
banjur pilih salah
sijine jawaban sing
bener

11. Basa kang kanggo bocah-karo bocah utawa sapadha-padha yaiku

12. Mas Ali rawuh saka Jakarta
Ukara iki migunakake ragam basa

13. Tuladhane swara (i) miring yaiku

Tuladhane swara (u) miring

14. Sang, si, para iku tuladhane tembung

15. Aku, dheweke, kae iku tuladhane tembung

sarung

sesulih

ngoko lugu

suling

panyilah

ngoko alus

Petunjuk
drag (seret)
pilihan jawaban
ini, arahkan pada
soal yang dituju

**Jika sudah selesai mengerjakan semua soal,
jangan lupa ya untuk :**

- **Klik “finish”**
- **Ketik nama lengkap dikolom
“ enter your full name”**
- **Ketik nama kelas kalian di kolom “
group/level”**
- **Ketik ‘PH BASA JAWA TEKS DESKRIPTIF’**

Pada kolom school subject

- **Klik send**

♥SELAMAT BELAJAR♥